

HAITIAN CREOLE

BASIC COURSE

Volume III
Lessons 21 - 30
STUDENT TEXT

December 1973
Revised January 1995
DEFENSE LANGUAGE INSTITUTE

TABLE OF CONTENTS

LESSON 21 -- HILL PEOPLE AND THE POLICE	1
I. PERCEPTION DRILL	1
II. DIALOGUE	7
III. GRAMMAR DRILLS	13
IV. LEKTU	17
V. GRAMMAR NOTES	19
VI. VOCABULARY	20
LESSON 22 -- DISCUSSING A SIGHTSEEING TRIP	23
I. PERCEPTION DRILL	23
II. DIALOGUE	30
III. GRAMMAR DRILLS	36
IV. LEKTU	44
V. GRAMMAR NOTES	46
VI. VOCABULARY	49
LESSON 23 -- AT THE RIFLE RANGE	51
I. PERCEPTION DRILL	51
II. DIALOGUE	56
III. GRAMMAR DRILLS	63
IV. LEKTU	66
V. GRAMMAR NOTES	68
VI. VOCABULARY	70
LESSON 24 -- FIRST COMMUNION	73
I. PERCEPTION DRILL	73
II. DIALOGUE	79
III. GRAMMAR DRILLS	85
IV. LEKTU	90
V. GRAMMAR NOTES	93
VI. VOCABULARY	97
LESSON 25 -- REVIEW	99
I. ORAL REVIEW OF LESSONS 21 AND 22	99
II. INDEPENDENT STUDY	104
III. REVIEW OF LESSONS 23 AND 24	106
IV. INDEPENDENT STUDY	110
V. ORAL COMPREHENSION EXERCISE	112
VI. SINGING	113

Table of Contents

LESSON 26 -- THE WEATHER	115
I. PERCEPTION DRILL.....	115
II. DIALOGUE.....	120
III. GRAMMAR DRILLS.....	128
IV. LEKTU.....	134
V. GRAMMAR NOTES.....	136
VI. VOCABULARY.....	138
LESSON 27 -- REPORTING ON THE RECONNAISSANCE PATROL	141
I. PERCEPTION DRILL.....	141
II. DIALOGUE.....	146
III. GRAMMAR DRILLS.....	153
IV. LEKTU.....	159
V. GRAMMAR AND CULTURAL NOTES.....	161
VI. VOCABULARY.....	163
LESSON 28 -- A TOUR DOWNTOWN	165
I. PERCEPTION DRILL.....	165
II. DIALOGUE.....	170
III. GRAMMAR DRILLS.....	176
IV. LEKTU.....	183
V. GRAMMAR NOTES.....	185
VI. VOCABULARY.....	186
LESSON 29 -- BREAKFAST	189
I. PERCEPTION DRILL.....	189
II. DIALOGUE.....	196
III. GRAMMAR DRILLS.....	202
IV. LEKTU.....	209
V. GRAMMAR NOTES.....	211
VI. VOCABULARY.....	213
LESSON 30 -- REVIEW	215
I. ORAL REVIEW OF LESSONS 26 AND 27.....	215
II. INDEPENDENT STUDY.....	219
III. ORAL REVIEW OF LESSONS 28 AND 29.....	221
IV. INDEPENDENT STUDY.....	225
V. LEKTU.....	228
VI. VOCABULARY.....	229
GLOSSARIES	231
HAITIAN-CREOLE - ENGLISH.....	231
ENGLISH - HAITIAN-CREOLE.....	249

LESSON 21

HILL PEOPLE AND THE POLICE

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute, men pa repete:

Se te yon fwa twazòm ki t-ap mache. Yo tou le twa plede pale. Yo pa janm rete pale. Yo kanpe, yo mache jis yo rive... lakay yo. Gen de moun ki rete sou rout yo pou tandè mesye yo k-ap pale. Kan nèg yo kanpe, moun ki tè rete koute yo al fè chemen yo. Repete kouniè-a, aprè mwen, sa m sòt di nou la-a.

B. Koute epi repete:

M pral lavil, e ou-mènm?
-M prale tou; e ti gason ou nan?

Li prale tou avè nou.
-Nou tou le twa pral lavil alò?

Men wi, nou tou le twa pral lavil.

C. Transform the following sentences on cue:

SENTENCES AND CUES

Pitit ou-a ak de kamarad li yo ap benyen.
Ou-mènm avèk Sese pral nan dlo.
Twa pitit ou yo ak de ti gason Sese yo ap jwe.
Profeseù-a ak yon etudyan ap pale.
Mwen-mènm avèk ou-mènm se de bon zanmi.
Mwen-mènm ak de seù-m yo pral O Kap.
Ti seù-m nan ak ti seù ou la pral manje.
Papa-a, manman an ak de ti-moun yo ap mache.
Gen kat ponpyè k-ap touye dife-a.

TRANSFORMED SENTENCES

Yo tou le twa ap benyen.
Nou tou le de pral nan dlo.

Gen de kamyonèt la-a, y-ap monte Petyonvil.
Manman-m, papa-m avè-m ap bay odyans.
Asèn a Leon ap pale de reken an.

D. Koute epi repete:

Asèn ak Leon tonbe pale de reken ki bò waf la.

Yo plede pale de sa, yo pa vle rete.

Ti-moun yo t-ap jwe nan lakou-a. Yo plede kouri jistan yo bouke.

Leú dòmi pran nèg la, mesye yo plede bwè byè yo.

E. Use the verb *plede* with the following sentences:

SENTENCES

Pa gen travay, mesye yo anrole
yo nan lame.

Ou telefonnen-m, m pa la.

Ti-moun yo kouri nan lakou-a jistan
yo bouke.

Asèn bay blag jis dòmi pran ni.

Nèg la met dife tou patou nan vil la.

Gad yo tire nan chan d-ti pou bon plezi yo.

Nan restoran an mesye yo bwè jistan yo pa kapab ankò.

Kay kwafeù-a ti Andre bay odyans.

Bòn nan lumen tout èr kondisyone otèl la.

Touris la mache jis li rive Bizoton.

Gen yon nèg nan bouk la kap touye moun.

Ti gason an gaspiye lajan manman-n ak papa-l.

SENTENCES WITH *PLEDE*

Pa gen travay, mesye yo plede anrole
nan lame.

Ou plede telefonnen-m, m pa la.

F. Koute epi repete:

Etudyan yo dwe pale kreyòl tout tan.

Etudyan yo pou pale kreyòl tout tan.

Fò etudyan yo pale kreyòl tout tan.

Se pou etudyan yo pale kreyòl tout tan.

Pratik la pou pòte bèl legum vi-n vann mwen.
 Nou pa pou fè anyen dimanch.
 Etudyan yo pa dwe pale angle.
 Etudyan yo pa pou pale angle.
 Fò etudyan yo pa pale angle.
Se pa pou etudyan yo pale angle.

G. Change the following sentences by adding *pou* and giving the idea of obligation (must):

SENTENCES

Pa fimen isit la.
 Nou renmen pale kreyòl.
 Ti gason an pa jwe ak ti seù-m nan.
 Leù n-al peche, pran bèl pwason.
 Yo pa gaspiye lajan papa yo ba yo-a.
 Ou pito sa ou ka jwenn.
 Roma-a pa koute chè.
 Mare chen an pi lwen.
 Nou lwe kay la ak ameriken.
 Plen pisi-n nan pou mwen jodi-a.
 Yo va al chante legliz dimanch.
 Debake sak pwa rouj yo bò lanmè-a.

RESPONSES

Se pa pou ou fimen isit la.
Se pou nou renmen pale kreyòl

H. Koute epi repete:

Leù mwen lakay mwen, m toujou pale kreyòl.
 M pa janm pale angle lakay.
 Se pou nou toujou pale kreyòl isit la.
 Nou pa pou janm pale angle isit la.
 Se pa pou nou janm pale angle isit la.
 Ti-moun pa dwe janm jwe ak dife.
 Li pa te janm manje roma lakay li.
 Si ou pa te rele li, li pa t-ap janm tonbe.

I. Put the following in the negative form, using *pa janm* or *pa...janm* 'never':

a. POSITIVE

Manteù renmen wè lòt
manteù.
Yo dwe aprann panyòl
anvan yo vini.
Li repete sa li tande.
Nou peye beùf n-achte-a.
Ti Andre mare chen an.
Mari tuye poul ak men ni.
M louvri magazen an a sizeù.
Se pou nou telefonnen-m nan biro-a.
Li pale leù l-ap dòmi.
Ou gaspiye kòb yo ba ou.
Nou pou jwe a dife.
Li dwe kanpe nan laru-a.

NEGATIVE

Manteù pa janm renmen wè lòt
manteù.
Yo pa dwe janm aprann
panyòl anvan yo vini.

b. POSITIVE

Nou te wè-l an Frans.
Li t-ap vini a dezeù.
M ta pale ak li si m te wè-l.
Seù-m nan ap travay boneù.
Bòs la ta ka pran longèu kabann nan.
Yo t-ap etenn dife-a.
Ponpye te wè lafimen k-ap sòti nan kay la.
Moun mòn yo ta ka fè metye sa-a.
Mesye yo te bay blag sa-a.
Gad yo te fatigue aprè egzèsis yo.
Malad la t-ap mache bò larivyè-a.
Sòlda yo te fè yon ti dòmi.

NEGATIVE

Nou pa te janm wè-l an Frans.
Li pa t-ap janm vini a dezeù.

J. Koute epi repete:

Gen moun ki pa ka manje tout bagay.
Gen de moun ki pa ka manje tout bagay.
De fwa bagay sa yo fè moun malad.
Gen de fwa tou yo pa fè yo anyen.

K. Add *de* to the following statements:

STATEMENTS

Gen moun ki pa manje tout bagay.
 Gen bagay yo di ou, ou pa ka kwè.
 Gen rout yon moun fè, fò-l bouke.
 Gen dife ponpye pa ka touye.
 Gen machi-n ki koute chè.
 Gen pwason ki peze anpil.
 Gen zanmi ki pa zanmi vrè.
 Gen moun ki pa konn al legliz.
 Gen bato ki pa rive bò waf la.
 Gen manteù moun pa vle kwè ankò.
 Gen mesye ki renmen fè lapolis.
 Gen leù lakay fè nwa.

SENTENCES WITH *DE*

Gen de moun ki pa manje tout bagay.
 Gen de bagay yo di ou, ou pa ka kwè.

L. Koute epi repete:

Madanm Chal gen de pitit: yon gason ak yon fi. Pitit gason li-a rele Tijo. Pitit fi li-a rele Ti Mari.

Tout moun konn ti-moun yo.
Dènye moun konn ti-moun yo.

M. Review: Give the female counterpart of the following male forms or concepts:

MALE

konpè-m
 papa ti-moun yo
 pitit gason Chal la
 monnenk mwen an
 nonm nan
 kouzen Tijo
 mesye yo
 mari madanm nan
 monchè
 se frè-m
 se yon gason
 se konpè Sese
 msye-a

FEMALE

kòmè-m
 manman ti-moun yo

N. Replace *tout* in the following sentences with *dènye*

CUE

Tout moun kouri al wè
Tout etudyan yo konn pale kreyòl.
Tout medam yo al fè chemen yo.
Tout mesye yo kanpe.
Tout ti fi yo desann lavil.
Tout moun tonbe bay odyans.
Tout ti-moun yo pòte yon bagay.
Tout otèl yo gen touris.
Tout touris yo pran laru pou yo.
Tout ti-moun rete lakay.
Tout moun al legliz.
Tout elèv yo tande sa m di.

STUDENTS

Dènye moun kouri al wè.
Dènye etudyan yo konn pale kreyòl.

II. DIALOGUE

HILL PEOPLE AND THE POLICE

Two peasants, Sauveur and Alce, two good friends, meet at the village market.

Sauveur: Oh! "Mon konpè"! Why haven't we seen each other?

Alce: My son had some trouble with the police.

Sauveur: You don't say! And what happened?

Alce: He fought Sunday with kòmè Sese's boy, and the rural police officer arrested them both.

Sauveur: Well, my friend, country people never lack troubles really. The word has not spread because I have not heard that at all.

Alce: They sent them immediately to the city. I went also so that I could take food for him in jail.

Sauveur: But, didn't I see him this morning at Marie's house?




Alce: Right, thank God. I paid for him, then they freed him.

Sauveur: Hill people really don't have a chance. We can't eat every day, yet we must find money to pay for the smallest misdeed.

Alce: That's the way it is. And city people who have plenty of money don't have to pay for anything.

Sauveur: Well, my friend, I myself believe that our reward is in God's hands in heaven.

Alce: Maybe so, but I'd rather find it now.



MOUN MÒN AK LAPOLIS

De abitan, Soveù ak Alse, de bon zanmi, rankontre nan mache nan bouk la.

Soveù: O! Mon konpè! Sa ki fè nou pa wè kon sa?

Alse: Apa ti gason-m nan ki te nan traka avèk lapolis.

Soveù: Pa di-m! Sa ki te gen tan genyen?

Alse: Li goumen dimanch avèk pitit kòmè Sese-a, epi chèf seksyon an arete tou le de.

Soveù: En ben, monchè, abitan pa janm manke traka vrè. Paròl la pa pale, pase m pa tande sa menm.

Alse: Yo voye yo desann touswit. M te ale tou, pou-m te ka pot manje pou li nan prizon.

Soveù: Men, apa m wè mesye maten an ka Mari.

Alse: Men wi, gras a Dye. M peye pou li, epi yo lage-l.

Soveù: Nèg mòn pa gen chans vrè. Nou pa ka manje tou le jou, e fòk nou jwenn yon lajan pou peye pou pi piti bagay.

Alse: Se kon sa wi. Epi moun lavil menm ki plen kòb pa gen pou peye pou anyen.

Soveù: En ben monchè, mwen-menm mwen kwè ke rekonpans nou nan men Bon Dye nan syèl.

Alse: Petèt, men m ta pito jwenn ni kouniè-a.

Dialogue Buildup

bouk la
 nan mache
 nan mache nan bouk la
 rankontre
 de bon zanmi
 de abitan
 de abitan, Soveù ak Alce
 De abitan, Soveù ak Alce,
 de bon zanmi, rankontre
 nan mache nan bouk la.

the village
 at the market
 at the village market
 to meet
 two good friends
 two peasants
 two peasants, Sauveur and Alce
 Two peasants, Sauveur and Alce,
 two good friends, meet at the
 village market.

O! Monkompè!

Oh! "Monkompè!"

kon sa
 nou pa wè kon sa
 sa ki fè
 Sa ki fè nou pa wè kon sa?

like that
 We haven't seen like that
 why
 Why haven't we seen each other?

lapolis
 traka avèk lapolis
 ki te nan traka avèk lapolis
 ti gason-m nan
 Apa ti gason-m nan ki te
 nan traka avèk lapolis.
 Pa di-m!

the police
 trouble with the police
 who was in trouble with the police
 my son
 My son had some trouble
 with the police.
 You don't say!

genyen
 gen tan
 Sa ki te gen tan genyen?

to have
 to have time
 And what happened?

tou le de
 arete
 chèf seksyon an arete tou le de
 pitit kòmè Sese-a
 li goumen dimanch
 Li goumen dimanch avèk pitit
 kòmè Sese-a, epi chèf seksyon
 an arete tou le de.

both
 to arrest
 the rural police officer arrested both
 kòmè Sese's boy
 he fought Sunday
 He fought Sunday with kòmè Sese's
 boy and the rural police officer
 arrested them both.

pa manke traka
 pa janm manke traka
 abitan pa janm manke traka
 vrè
 En ben, monchè, abitan pa
 janm manke traka vrè.

m pa tande sa
 pase m pa tande sa menm
 paròl la pa pale
 Paròl la pa pale, pase m pa
 tande sa menm.

touswit
 yo desann touswit
 yo voye yo
 Yo voye yo desann touswit.

nan prizon
 pot manje pou li
 pou-m te ka
 pou-m te ka pot manje pou
 li nan prizon
 m te ale tou
 M te ale tou pou-m te ka pot
 manje pou li nan prizon.

ka Mari
 maten an
 m wè msye
 apa m wè msye maten an
 Men, apa m wè msye maten
 an ka Mari.

Men wi, gras a Dye.

yo lage-l
 m peye pou li
 M peye pou li, epi yo lage-l.

not lack troubles
 never lack troubles
 country people never lack
 troubles really
 Well, my friend, country people
 never lack troubles really.

I haven't heard that
 because I haven't heard that at all
 the word has not spread
 The word has not spread because
 I have not heard that at all.

immediately
 they went downtown immediately
 they sent them
 They sent them immediately
 to the city.

in jail
 take food for him
 so that I could
 so that I could take food
 for him in jail
 I went also
 I went also so that I could
 take food for him in jail.

at Marie's house
 this morning
 I see him
 didn't I see him this morning
 But, didn't I see him this morning
 at Marie's house?

Right, thank God.

they freed him
 I paid for him
 I paid for him, then they freed him.

gen chans
pa gen chans vrè
nèg mòn
Nèg mòn pa gen chans vrè.

to have chance, luck
have no luck, really
hill people
Hill people really don't
have a chance.

pi piti bagay
pou peye pou pi piti bagay
jwenn yon lajan
fòk nou jwenn yon lajan
fòk nou jwenn yon lajan pou
peye pou pi piti bagay
tou le jou
nou pa manje
nou pa ka manje tou le jou
Nou pa ka manje tou le jou, e
fòk nou jwenn yon lajan
pou peye pou pi piti bagay.

smallest things
to pay for the smallest things
to find money
we must find money
and we must find money to pay
for the smallest misdeed
every day
we don't eat
we can't eat every day
We can't eat every day,
yet we must find money
to pay for the smallest misdeed.

Se kon sa wi.
pou anyen
pou peye pou anyen
pa gen pou peye pou anyen
ki plen kòb
moun lavil ki plen kòb

That's the way it is.
for anything
to pay for anything
do not have to pay for anything
who have plenty of money
city people who have plenty
of money
And city people who have plenty of
money don't have to pay for
anything.

Epi moun lavil menm ki plen
kòb pa gen pou peye pou
anyen.

nan syèl
nan men Bon Dye nan syèl
rekonpans nou
mwen kwè ke
mwen-menm
en ben monchè
En ben monchè, mwen-menm
mwen kwè ke rekonpans nou
nan men Bon Dye nan syèl.

in heaven
in God's hands in heaven
our reward
I believe that
myself
well, my friend
Well, my friend, I myself
believe that our reward is in God's
in heaven.

kouniè-a
 m ta jwenn ni kouniè-a
 m ta pito jwenn ni kouniè-a
 petèt
 Petèt, men m ta pito jwenn
 ni kouniè-a.

now
 I would find it now
 I would rather find it now
 maybe
 Maybe so, but I'd rather
 find it now.

III. GRAMMAR DRILLS

Tape No. 21-B

A. Substitution in the pattern *Se...li ye*:

CUE

fanm
 abitan
 gason
 chèf seksyon
 larivyè
 fi
 etranje
 moun mòn
 dènye
 kwafeù
 pitit fi Anita
 dèyè

STUDENTS

Se fanm li ye.
 Se abitan li ye.

B. Substitution in the pattern *Yo gen anpil...* :

CUE

fi
 fraz
 chans
 pitit gason
 lespri
 zanmi
 traka
 odyans

STUDENTS

Yo gen anpil fi.
 Yo gen anpil fraz.

rekonpans
 metye
 pri
 pitit fi

C. Substitution in the pattern *Nou t-ap pale de...*:

CUE

STUDENTS

manadjè otèl San-Sousi-a

Nou t-ap pale de manadjè otèl San-Sousi-a.

kabann nou fèk achte-a

Nou t-ap pale de kabann nou fèk achte-a.

istwa peyi-a
 chèf seksyon Keskòf la
 dènye pitit fi Anita-a
 lajeù ak longèu kay la
 larivyè Plezans
 la metye n-ap fè-a
 razeù nan peyi-a
 lapolis an Ayiti
 otèl Bèlvu
 kouzen Tijo-a

D. Form a question with *Konben...ou genyen?* and a given cue and ask another student to answer it:

CUE

1st STUDENT

2nd STUDENT

sèt matant
 twa pitit
 de bra
 dizwit kouzen
 sis frè
 de zòrèy
 yon gason
 sèt seù
 de zye
 de pitit
 yon bouch
 yon fi
 yon tèt

Konben matant ou genyen?
 Konben pitit ou genyen?

M gen sèt matant.
 M gen twa pitit.

E. Add the given cue to *Depi...di ou sa,.....* and make appropriate changes:

CUE

M gen rezon
 Zanmi ou nan gen rezon.
 Dupon
 pitit fi-m nan
 chèf seksyon an
 nou
 kontroleù-a
 medam yo
 malad la
 li
 kamarad nou yo
 sekretè-a

STUDENTS

Depi m di ou sa, m gen rezon.
 Depi zanmi-m nan di ou sa, li gen rezon.

F. Replace *dwe* in the following sentences with the form *se pou* to express an obligation:

CUE

Nou dwe pale kreyòl tout tan.
 Chofeù-a dwe vi-n chèche
 jounalis la.
 Ti-moun yo te dwe al lekòl.
 Manadjè-a ta dwe leve Makdonal.
 Nou dwe pran avyon si nou prese.
 Sòlda dwe obeyi chèf yo.
 Ou pa dwe pran sa yo pa ba ou.
 Bòn nan dwe fè chanm nan.
 Ou dwe kouri si ou pa vle rete dèyè.
 Nou dwe al lekòl si nou vle gen lespri.
 Ki moun ki dwe ale anvan?
 Li te dwe vi-n touswit si li pa vle manke avyon an.

STUDENTS

Se pou nou pale kreyòl tout tan.
Se pou chofeù-a vi-n chèche
 jounalis la.

G. Change the following sentences to the negative with *pa janm*:

SENTENCE

NEGATIVE

Li toujou al legliz le dimanch.

Li pa janm al legliz le dimanch.

Ale kay dokteù leù ou malad.

Pa janm al ka dokteù leù ou malad.

Li vi-n wè manman ni.

Avyon an toujou rive a leù.

Chèf seksyon an arete yo leù yo goumen.

Andre desann lavil le samdi.

Achte nan magazen sa-a si ou vle gen bon bagay.

Soveù mache vit leù li pral lekòl.

Papa-l pòte manje pou li nan prizon.

Pitit fi Sese-a vle tounen nan mòn.

Asèn renmen bay odyans.

Makdonal dakò ak sa chofeù-a vle fè.

H. Change the persons in the following sentences to their counterparts in the opposite sex:

CUE

RESPONSE

Mesye yo pa vini jodi-a.

Medam yo pa vini jodi-a.

Manman ni ba li rezon.

Papa li ba li rezon.

Nonm nan gen lespri anpil.

Ti gason an pa vle monte kokoye-a.

Madanm nan achte legum nan men machann nan.

Nonk li rive sot O Kap.

Ti frè kòmè-a pa vle al lekòl.

Kouzen Leon an mouri lòt jou .

Se yon ti gason ki renmen goumen.

Medam yo pral Ozetazeni.

Fanm nan renmen plede anpil.

Mesye yo pa janm gen rezon.

I. Write down the dictation from the tape.

J. Write ten questions on the dictation.

Hand in the dictation and the questions to the teacher.

IV. LEKTU

"Pale franse pa di lespri pou sa."

Se te yon fwa, twa nèg ki t-ap mache ansanm. Yo te konn pale kreyòl byen. Men, yo pa janm konn pale franse. Yo bezwen konn pale franse. Gen yonn ki di: 'Jodi-a, se dènye jou pou-m konn pale franse.' Yon lòt di: 'An! ou p-ap janm konn pale franse, monchè.' Premye nèg la di: 'En ben, ou a wè sa.'

Li suveye kote ki gen moun k-ap pale franse. Li kole zòrèy li epi li tande: 'C'est moi' (Se mwa). Msye di: 'Bon, m konn pale franse!' Dezyèm nèg la di: 'Ki sa ou konn di an franse?' Lòt la di: 'M konn di "se mwa". Epi dezyèm nèg la di: Kou manman! Msye konn pale franse wi! Bon, mwen-menm, m pral dèyè yon bagay tou.' Epi li ale. Li suveye kote moun ap pale franse. Li tande yon moun di: 'Pour une raison personnelle (Pour u-n rezon pèsònèl) epi l-ale. Li di: Mesye, m konn pale franse tou wi!' Mesye yo di: 'Sa ou konn di?' Li reponn: 'Pou u-n rezon pèsònèl.' Nèg yo di: 'O, o! Apa msye konn pale franse tou!' Twazyèm nèg la di kon sa: 'Kou manman! Se mwen-menm ki rete pou konn pale franse tou. M pral wè ki sa m kab fè.'

Lòt la ale yon kote, li tande de moun k-ap pale franse. Li tande yo di: 'D'accord' (Dakò); epi li di: 'Bon! Nou tou le twa konn pale franse kounyè-a. Annou mache.'

Yo rive nan mòn kote abitan yo pa konn pale franse. Tout kote yo pase yo di ke yo konn pale franse. Yo rive yon kote ki gen yon moun ki mouri asasine. Asasen an fi-n touye nèg la, epi li sove poul li. L-ale fè rout li'.

Trouve chèf seksyon an parèt menm leu-a kote moun nan mouri-a. Li konn pale franse epi li di kon sa: 'Qui a tué cet homme? (Ki a tuye sèt òm).' Premye nèg la ki vle montre tout moun li konn pale franse, di: 'Se mwa'. Chèf seksyon an di: 'Pourquoi? (Poukwa?)' Lòt la ki vle fè wè li konn pale franse tou di: 'Pou u-n rezon pèsònèl.' Chèf seksyon an di: 'Je vous mets en prison. (Je vou mè z-an prizon)' Dènye nèg la prese di sa li konnen an 'Dakò'. Mesye! Nèg sòt se evenman!"

Kestyon

1. Te genyen konben nèg ki te vle konn pale franse?
2. Yo konn pale kreyòl?
3. Sa premye nèg la di?
4. Dezyèm nèg la kwè ke lòt la kab pale franse?
5. Sa premye nèg la fè pou li konn pale franse?

6. Li aprann anpil fraz franse?
7. Fraz franse li aprann nan, sa li vle di an kreyòl?
8. Lòt nèg yo te sezi leù yo tande premye-a pale franse?
9. Dezyèm nèg la vle konn pale franse tou?
10. Sa li fè pou li konn pale franse?

11. Li tande yon bagay an franse tou?
12. Ki sa li tande?
13. Leù tou le twa mesye yo konn di yon bagay an franse, ki kote yo ale?
14. Moun mòn yo konn pale franse?
15. Sa twa nèg yo t-ap fè nan mòn?

16. Ki kote yo rive?
17. Lè asasen an fi-n touye nèg la, sa li fè?
18. Chèf seksyon an konn pale franse?
19. Sa li mande leù li vi-n parèt kote moun nan mouri-a?
20. Ki sa premye nèg la di an franse?

21. Èske mesye yo te kwè se moun sòt ki pale franse?
22. Èske premye nèg la te konnen ki sa fraz li-a te vle di?
23. Fraz franse-l la vle di ke li pa konn ki moun ki tuye nèg la?
24. Aprè premye nèg la di se li ki touye moun nan, ki sa chèf seksyon an mande?
25. Ki sa dezyèm nèg la reponn?

26. Èske chèf seksyon an te kwè ke yo manti?
27. Ki dènye bagay chèf seksyon an di?
28. Èske sa vle di yo mèt al lakay yo?
29. Dènye nèg la reponn ke li pa vle al nan prizon?
30. Èske se bon paròl mesye yo reponn?

31. Konn pale franse a ba yo anpil lespri?
32. Sa provèb la di moun sòt ye?
33. Èske se maladi ki te touye moun nan?
34. Moun ki te asasen lot la, li te ale lapolis pou di ke se li-menm?
35. Èske istwa a di ke yo jwenn ni?

36. Ki lòt provèb nou fèk aprann la-a?
37. Ou konn pale franse?
38. Nou gen anpil lespri?
39. Ki sa ou konn di an franse?
40. Si yo di ou: "Je vou mè zan prizon", ou va di: "dakò"?

V. GRAMMAR NOTES

Obligation with pou

- A. *Pou* is used to express obligation in sentences where it's preceded by (1) an interrogative or relative pronoun or (2) an interrogative adverb of the following types: *a ki leù, ki leù, ki kote, kouman, ki sa, ki moun, konben*, etc. *Pou* acts as an auxiliary.

Ki kote li ale?

Where did he go?

Ki kote pou li ale?

Where should he go?

M pa konn ki sa m fè.

I don't know what I did.

M pa konn ki sa pou-m fè.

I don't know what to do.

(what I should do)

A ki leù pou-m vini?

When must I come?/When

Fò-m vi-n a ki leù?

do I have to come?

Ki kote pou-m mete-l?

Where must I put it?/

Where should I put it?

Kouman pou-l peye oto-a?

How much must he pay for the car?

Ki sa pou yo pòte demen?

What must they bring tomorrow?

Ki moun pou-m bay bwat la?

To whom should I give the box?

Konben pou nou ba yo?

How many do we have to give them?

- B. Sometimes the use of *pou* requires the use of the verb *se* at the beginning of the sentence.

Ou pale kreyòl.

You speak Creole.

Se pou ou pale kreyòl.

You must speak Creole.

- C. When the auxiliary *pou* is followed by the subject pronoun *ou* the *ou* sound is pronounced like a short "w"

Se pou ou (pou w) fè manje-a.

You must do the cooking.

But when *pou ou* means 'for you', the *ou* is not changed.

Kay sa-a se pou ou.

This house is for you.

VI. VOCABULARY

abitan, n.	peasant, rural dweller
asasen, n.	murderer
asasine, v.	to murder
ba/bay (s.o.) rezon, v. phr.	to say/judge (s.o.) to be right
chans, n.	luck, chance
chèf, n.	head, chief, boss
chèf seksyon, n. phr.	rural police
dakò, adj.; v.	agreed, O.K.; to agree
de, dè, adj.	some
dènye, adj.; n.	all, last
etranje, etranjèr (fem. only), n.; adj.	foreigner; foreign
evenman, levenman, n.	event
fi, n.	girl
gen rezon, v. phr.	to be right
goumen, v.	to fight
istwa, n.	story, history
janm, adv.	ever
janmen, adv.	never
kole, v.; adj.	to glue, to stick, to be close to, to be near; glued, stuck
kole zòrèy, v. phr.	to eavesdrop
kou manman!, int.	I'll be darned! (strong exclamation), Oh, boy! Wow!
lage, v.	to free, do drop, to let go, to loose
lespri, n.; adj.	intelligence, spirit, brain, mind, intelligent
levenman, evenman, n.	event

manke, v.	to miss, to lack, to fail
mouri, v.	to dye
obeyi, v.	to obey
pa janm, adv.	never
parèt, v.	to appear, to seem, to look, to appear to be
pase (paske), conj.	because
pèsonèl, adj.	personal
pitit fi, n.	daughter
plede + verb, aux.	to persist in
pou, aux.	must
prizon, n.	jail, prison
rekonpans, n.	reward
rezon, n.	reason
seksyon, n.	section, section rurale (Fr.) the smallest regional military subdivision
se pou, v. phr.	it is necessary that
syèl, n.	heaven, sky
sove, v.	to save, to escape, to run away
suveye, siveye, v.	to watch (for)
traka, n.	trouble, bother
trouve (ke), v.	it happens that, it turns out that
zòrèy, n.	ear

Idiomatic Expressions

Je vous mets en prison (Fr.) (Je vou mè z-an prizon.) M-ap mete ou nan prizon. (Cr.)	I'm putting you in jail.
nou tou le twa	all three of us
pour une raison personnelle (Fr.) (pour u-n rezon pèsonèl) pou yon rezon pèsonèl (Cr.)	for a personal reason
Qui a tué cet homme? (Fr.) (Ki a tuye sèt òm?) Ki moun ki tuye nonm sa-a? (Cr.)	Who killed this man?
C'est moi. (Fr.) (Se mwa.) Se mwen. (Cr.)	It's I.
Sove poul (s.o.)	to escape, to save one's neck

Proverbs

Pale franse pa vle di lespri pou sa.

Speaking French doesn't necessarily mean being intelligent.

Or:

To be able to speak French is no proof of cleverness.

Moun sòt se evenman.

A stupid person is quite an event.

LESSON 22

DISCUSSING A SIGHTSEEING TRIP

I. PERCEPTION DRILL

A. Koute men pa repete:

Aswè-a, leù m fi-n travay, m pral lakay.

M-ap rete lakay tout nwit la.

Lannwit tout moun ap dòmi.

M p-ap wè pèsonn, pase pèsonn p-ap la.

Ala kontan m-a kontan!

M-a ka manje byen manje.

Leù m-a fi-n manje, m-a monte kabann mwen, m-a dòmi, m-a dòmi, m-a

dòmi, m-a dòmi jis lòt moun yo va rive.

Kounyè-a repete aprè mwen.

B. Answer the questions:

QUESTIONS

Ki sa n-ap fè aswè-a?

Ki moun ou a wè aswè-a.

Ki bagay ou ta manje aswè-a?

Ki kote abitan yo ap desann aswè-a?

Ki moun k-ap pale de istwa peyi-a aswè-a?

Ki fi k-ap debake aswè-a?

Ki etranje ou a kontre aswè-a?

Ki nèg chèf seksyon an ap lage aswè-a?

Nan ki prizon yo va mete nonm nan aswè-a?

Ki kote etudyan yo va jwenn rekonpans yo aswè-a?

Ki moun k-a vi-n wè nou aswè-a?

Ki moun ki va konn pale kreyòl byen aswè-a?

ANSWERS

Aswè-a n-ap aprann kreyòl la.

M-a wè pitit mwen yo aswè-a.

**C. Change the expression of time in the following sentences with the given cues.
Make any other necessary changes:**

Pasaje yo ap debake aswè-a.

CUES

STUDENT(S)

maten

Pasaje yo ap debake maten an.

jodi

Pasaje yo ap debake jodi-a.

midi (today)

aprèmidi

kounyè-a

aswè

jodi

dizeù (today)

lannwit

maten

dezeù (today)

aprèmidi

D. Koute epi repete:

Maten an, Anita ak Chal t-ap goumen. Leù sa-a Tijo t-ap kouri dèyè yon ti fi.
Maten an, pandan ke Anita a Chal t-ap goumen, Tijo t-ap kouri dèyè yon ti fi.
Pandan ke m-ap pale-a, pa pale tou, pou nou ka tandè sa m-ap di-a.
Ou p-ap fè anyen pandan ke m-ap travay.

E. Combine the two given sentences into one:

SENTENCES

COMBINED SENTENCES

Etudyan yo p-ap fè anyen.
M-ap travay.

Pandan ke m-ap travay etudyan yo p-ap fè anyen.

Ti gason an kole zòrèy li.
Nou t-ap pale.

Pandan ke nou t-ap pale, ti gason an kole zòrèy li.

Andre sove poul li.
Chèf seksyon an pa-t ap suveye.

Papa yo mouri.
Yo t-ap goumen.

Yo lage pitit fi-a.
Manman an ap desann lavil.

Malad la mouri.
Yo voye chèche dokteù.

Nou wè lafimen k-ap sòti nan manje-a.
Gason an ap sèvi nou.

M fè yon ti dòmi.
Ti-moun yo ap bay blag.

Li tonbe malad.
Kontroleù-a ap peze valiz yo.

Avyon an ateri.
Kamarad la t-ap fè tèt li.

Yon kokennchen chèn vi-n rive.
Li te kanpe nan kafou-a.

Lapolis la vi-n pran ni.
L-ap chante.

F. Koute epi repete:

Jodi-a gen etudyan isit la.
Le samdi pa gen etudyan isit la.
Le samdi pa gen pèsonn isit la.
M pa wè pèsonn legliz la.
Ki moun ki vini la-a? - Pèsonn.

Pa gen pèsonn ki vini la-a.
Pèsonn pa vini la-a.

G. Transform the following sentences into negations using *pa...pèsonn*:

SENTENCES

M wè ti-moun yo legliz la.
 Nou tande abitan yo
 ap pase devan pòt la.
 Yo di-m gen anpil moun nan prizon an.
 Li pale ak etudyan yo maten an.
 Gen de moun ki rete dèyè.
 M konn moun k-ap benyen nan larivyè-a.
 M pito mesye sa yo.
 Ou bay pitit la di santim ò.
 Nou wè yon fanm nan kafou-a.
 Gen anpil moun kay kwafeù-a.
 Gen yon pakèt moun bò lanmè-a.
 Yo ba nou tout mòso manje.
 Chèf seksyon an mete nèg la nan prizon.

NEGATIONS

M pa wè pèsonn legliz la.
 Nou pa tande pèsonn
 ap pase devan pòt la.

H. Answer the following questions using the negation *pèsonn pa*:

QUESTIONS

Ki moun ki chèf seksyon bouk la?
 Ki moun ki dakò avè-m.
 Ki moun ki t-ap goumen ak ti fi-a?
 Ki moun ki mouri jodi-a
 Ki moun ki gen rezon nan bagay sa-a?
 Ki moun ki pale franse isit la?
 Ki moun ki touye nonm nan?
 Ki moun ki mete-m nan traka sa-a?
 Ki moun ki vi-n wè ti fi-a?
 Ki moun ki pral plede pou ou?
 Ki moun ki te moute anlè kay la?
 Ki moun ki pran longè tab la?

NEGATIVE ANSWERS

Pèsonn pa chèf seksyon bouk la.
Pèsonn pa dakò avè ou.

I. Koute epi repete:

Makdonal pran yon chanm nan otèl Splendid.
 Li fatige anpil. Li dòmi, li dòmi, li dòmi, li dòmi, li dòmi.
 Li-tèlman dòmi, se manadjè-a ki leve-l.
 Otèl la trankil tou. Leù Makdonal leve li di: Ala trankil isit la trankil!

